

## БИЙНОНТÆ ФÆЙНЕРДÆМÆ КУ ХУÆЦОНЦÆ, УÆД СÆБÆЛ ЦАРДАМОНД ДÆР НÆ ХУÆЦУЙ!..

***АЙЛАРТИ Измаил (1924-2018), финсæг: «Адæймаги цард райдайæнæй кæронмæ дæр арæзт æй куд цийни, уотæ масти хæрзтæй. Æма си дууеми дæр гъæуй бæрцæ. Цийни хæрзтæ дæр бæрцæй федаунцæ, масти хæрзтæ дæр. Цийнæ æма маст рохс æма талингæй игъаугидæр нæ ’нцæ: еумæ дæр нæ федаунцæ, хецæнгондæй дæр нæ бухсунцæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№2 (971) 2025 анзи 25 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман


### УÆРÆСЕЙ 2025 АНЗ НИМАД ЦÆУЙ ФИДИБÆСТÆ ГЪÆУАЙГÆНÆГИ АНЗБÆЛ

# СÆ РОХС НÆМТТÆ ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНАГ УОДЗÆНÆНЦÆ...




**Нæ зундгонд поэт Хъазбегти Хъазбег æ тугъдон æмдзæвгитæй еуеми уотæ финста:**

***Зонун, бæллис мæнмæ, мæ мадæ,***
***Бæллун дæмæ æз дæр,***
***Æма дæ фæндуй, цæмæй мæ кадæ***
***Ма уа тохи дæлдæр.***

**Гъе уæхæн нифсæй разæнгард уогæй, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг советон адæм тох кодтонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ æма фæуууæлахез æнцæ. Гъе уæхæн нифсæй æхсаргин æнцæ, абони нæ Фидибæсти алли фудгæнгутæй багъæуай кæнуни сæрбæлтау ка тох кæнуй, нæ еци фæсевæд дæр. Сæрустур си ан... Уой хæццæ ба зæрдристæй хъонц кæнæн. Кадæртæ си се ’фсæддон ихæс кадгинæй исæнхæст кæнуни туххæй сæ цард ке иснивонд кодтонцæ, уой фæдбæл... Сæ рохс нæмттæ син имисæн, цитгин сæ кæнæн.**

**Мæнæ æрæги Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг тухти æфсæддон полиций Цæгат Иристони ахурадон центри бундоронбæл игонгонд æрцудæй циртдзæвæн, се ’фсæддон ихæс æнхæстгæнгæй ка фæммард æй, еци æфсæддонти номерæнæн.**

**Уой фæдбæл кадгин мадзали архайдтонцæ нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло, Уæрæсей гъæуайкæнуйнади æфсæддон полиций Сæйраг управлений хецау инæлар-болкъон Сергей Кураленко, Кургани облæсти сахар Шучьей æфсæддон комендатури службæгæнæг хестæр сержант Илья Сычев, дини æма æхсæнадон архайгутæ, республики æригон патриотон æзмæлд «Юнармий» минæвæрттæ...**


2


# ÆНÆБАСÆТГÆ ЛЕНИНГРАД



Нæ Райгурæн бæстæмæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ гадзирахаттæй ку ’рбалæбурдтонцæ, уæд син рæстæгмæ ци раумæнтæ байахæссун бантæстæй, уонæми ци фудмиутæ исаразтонцæ, уонæн сæ тæккæ æверхъаудæртæй еу адтæй Ленинградбæл блокадæй æртухсун. Уой фудæй 900 бони æма æхсæвей дæргъи сахари цæргутæ æма æ гъæуайгæнæг советон тугъдонтæ ци гъезæмæрттæ бавзурстонцæ, уомæн уотид дзурдтæй зæгъæн дæр нæййес.

Ленинград байсуни зæрдтæй фашистон æфсæдти разамунд хъæбæр агъазиау тухтæ радех кодта. Уой дæр уомæ гæсгæ, æма фашистон Германий разамунди фæндадтæй, Советон Цæдеси цитгиндæр сахар уотид райсун нæ, фал æй бунисæфт бакæнун, зæнхи цъарæбæл æ фæд дæр куд нæбал байзайа, уотæ...

Ленинграды блокади хабæрттæ уомæ гæсгæ имисæн, еуемæй, ахсгиаг цаумæ гæсгæ – 1944 анзи 27 январи Ленинград æнæгъæнæй дæр уæгъдæгонд æрцудæй немуцаг-фашистон блокадæй (кæци идайгæ ба ракодта 1941 анзи 8 сентябри), иннемæй ба уæд еци сахари цардæнцæ не ’мзæнхонтæй беретæ æма бавзурстонцæ блокади зиндзийнæдтæ, уой хæццæ ба не ’мзæнхон тугъдонтæй беретæ архайдтонцæ сахар багъæуай кæнуни тугъдтити. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 4-аг фарсбæл.

### ÆРИМИСУЙНАГ ЦАУ



## АДÆМ СÆ БАРТÆБÆЛ КУ ИСДЗУРДТОНЦÆ...

Æхсæзинсæй анзей размæ (1905 анзи 9 январи) Уæрæсей сæйраг сахар Петербурги æрцудæй æверхъау цау, кæци нæ фидибæстон историй зундгонд æй «Тогæйдзаг хуцаубон» («Кровавое воскресенье»), зæгъгæ, номæй. Еци бон адтæй хуцаубон, косæн дзиллитæ рараст æнцæ паддзахи хæццæ фембæлунмæ, цæмæй ин сæ гъæститæ ракæнонцæ. Сæ цуд адтæй æнæхæлхъой, æхсæнадон уавæр исæзмæнтуни фæндæй сæ зæрди æгириддæр неци адтæй... Фал сæбæл уæддæр паддзахи фæсдзæуинттæ гадзирахаттæй рацудæнцæ, сабурæй-сабурдæр адæми нихмæ ракодтонцæ æфсæдтæ, кæцитæ сæ æгъатирæй æхсун байдæдтонцæ. Еци цауи æверхъаудзийнади хабæрттæ æнæгъæнæ Уæрæсебæл дæр райгъустæнцæ. Владимир Ленин æ рæстæги уотæ финста, гъома, 1905 анз æрбайеу кодта æнæгъæнæ Уæрæсей еугур нацити косгути дæр. Уомæ гæсгæ ба уотæ нимад цудæй, æма еци цауи фæсте æнæгъæнæ Уæрæсей дæр фæттухгиндæр æй фæллойнæгæнæг дзиллити революцион разæнгарддзийнадæ. Ка ’й зонуй, уæхæнæй цидæртæ фæззиндтæй, фал еумæйагæй ба уоййасæбæл агъазиау нæ адтæй. Фал уæддæр еци цау æримисуйнаг æй, æма уомæ гæсгæ ба нæ газети абони номери мухур кæнæн (6-7-аг фæрстæбæл) Дигори фæллойнæгæнæг дзиллитæ еци рæстæгути сæ бартæбæл куд тох кодтонцæ, уой туххæй хецæн æрмæг.

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**2025 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 394 СОМИ ÆМА 38 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 345 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.**


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Нæ республики куст цæуй берæфатерон цæрæн хæдзæртти бундорон цалцæги регионалон программæбæл (е ’мгъуд æй 2014 анзæй 2038 анзи уæнгæ). 2025 анзи цалцæггонд гъæуама æрцæуонцæ æртинсæй хæдзаремæй фулдæр. Уой хæццæ ба ма цуппæрдæс æма инсæй хæдзареми исæвæрдзæнæнцæ нæуæг пассажирон лифттæ дæр.***

**АДÆМÆН ДÆ ЦÆСТÆ ЦИ БАУАРЗА, УОЙ ДИН ХУЦАУИ ЦÆСТÆ УÆЛДАЙГУНТÆЙ БАУАРЗДЗÆНÆЙ!..**

# НÆУÆГ АНЗИ – ÆХЦÆУÆНДЗИЙНÆДТÆ!..



**Уæрæсей фæллойни министр Антон Котяков куд фегъосун кодта, уотемæй маддæлон капитали бæрцæ феврали исуодзæнæй 912 мин соми – фариккон анзи цæйбæрцæ адтæй, уомæй 80 мин соми фулдæр.**

Нæуæгигурд сувæллæнттæ кæци бийнонти ес, уонæн феддонти нисанеуæгæй Цæгат Иристони дехгонд æрцæуæдзæнæй 65,6 миллион соми.

Нæ республики финансти министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Оксанæ Карова** куд байамудта, уотемæй республикон бюджет æнхæстдæргонд цæуй, бунæттон кустуæттæй ци æфтуйæгтæ цæуй уонæй, æма гъæуама исхъæртонцæ 783 миллион сомемæ. Æ загъдмæ гæсгæ, еци фæрæзнитæ æрвист æрцæуæдзæнæнцæ, фиццагкезуй социалон нисанеуæг кæмæн ес, уæхæн хæрзтæ æхгæнунмæ: кусти мизд бюджетæй фист кæмæн цæуй, уонæн – 188 миллион сомей бæрцæ, уæдта ма бунæттон бюджетæн уæлæнхасæн агъазæн – 60 миллион соми.

Сæ æргътæ син фæййаслæндæр кæнгæй ци хуастæ æлхæд цæудзæнæй, уомæн дæр дехгонд æрцæуæдзæнæй 25 миллион соми, сæрмагонд æфсæддон операций ка фæммард æй æма ка фæццæф æй, уони бийнонтæн фæййагъаз кæнунæн дæр дехгонд æрцæуæдзæнæй 85 миллион соми. Уæрæсей Федераций гъæуайкæнуйнади Министради хæццæ бадзурдтæ ка исаразта, уонæн дæр еурæстæгон феддонтæ еумæйагæй фист æрцæуæдзæнæй 74 миллион соми.

* * *

*Нæ республики «Земский учитель», зæгъгæ, федералон программи архайун исфæндæ кæнгæй, 2025 анзи дæс ахургæнæги косун райдайдзæнæнцæ гъæууон скъолати.*

*Еци программи фæрци нерæнгæ бал бантæстæй гъæуон скъолати косунмæ ’рбахонун, бæрзонд дæсниадæ кæмæ ес, уæхæн дæс æма дууинсæй специалисти. Программи сæ бон архайун æй куд фæлтæрдгун, уотæ æригон ахургæнгутæн дæр. Уонæй алкæмæн дæр райдайæни фист æрцæуæдзæнæй фæйнæ еу миллион соми.*

*Аци анз программи архайун ка исфæндæ кæна, уонæй курдиæттæ ист цæун райдæдтонцæ 9 январæй фæстæмæ æма рахъæртдзæнæнцæ 15 апърели уæнгæ. Программи архайуни туххæй гъæуй портали хе ниффинсун æма сæрмагонд инструкций домæнтæ æнхæст кæнун.*

* * *

Республики хецауадæ уæлæнхасæн фæрæзнитæ радех кодта зæнхитæ донхуаруг кæнунæн. Е устур агъаз фæууодзæнæй гъæууонхæдзарадон нисанеуæг кæмæн ес, еци зæнхити фæзуæттæй æнхæстдæрæй пайда кæнунæн æма агропромышленнон комплекси архайд идарддæр райдайун кæнунæн, цæмæй нæ бæстæ хуайраггъæуагæ ма бавзара, уой туххæй», – зæгъунцæ министрти къæбинети.

* * *

*Пенсиесгутæй цуппаринсæй анзи кæбæл исæнхæст уа, уонæн дæр æма 1-аг къуари инвалидтæн 2025 анзи 1 январæй фæстæмæ сæ пенситæбæл бафтуйдзæнæй 1200 соми æма индексацигонд дæр уотемæй цæудзæнæй. Уой туххæй пенсиесгутæн сæхе некумæ рацо-бацо кæнун гъæудзæнæй. Уонæмæ ка кæсуй æма син ка агъаз кæнуй, еци адæймæгути туххæй бæрæггæнæнтæ дæр æрветун некумæ гъæудзæнæй.*

*Сауæнгæ сувæллонæй сахъат ка ’й æма уонæмæ ка зелуй, уонæн дæр фист цæудзæнæй 1200 соми (1-аг къуари сахъат сувæллæнттæмæ нийиергутæй æма сæ гъудгæнгутæй уæлдай). Еци феддонтæ 1 январæй фæстæмæ пенситæбæл æфтуд æрцæуæдзæнæнцæ. Сувæллонæй 1-аг къуари сахъатбæл нимад ка цæуй, уони нийиергутæ æма сæ гъудгæнгутæн ци 10 мин соми фистонцæ, уонæмæ дæр æййивддзийнæдтæ нæ хаунцæ.*

*2025 анзи 1 январæй фæстæмæ æфтуйæгтæ хаст æрцæуæдзæнæнцæ сахъат адæми гъудгæнгутæ, ци пенси есунцæ, уомæ.*

*Зæгъæн, адæймаг дууæ пенсий ку еса, уæд еци æфтуйæгтæ æфтуд æрцæуæдзæнæнцæ айдагъдæр пенситæй сæ еуебæл.*

*Цуппаринсæй анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, уотемæй ба фæрсаг агъазгъæуагæ ци адæймæгутæ ’нцæ, уони гъудгæнгутæн ба сæ пенситæбæл æфтуд цæудзæнæй, дзæбæхгæнæн уагæдони хатдзæгтæмæ гæсгæ, нисангонд син ци æмгъудтæ адтæй, уæди уæнгæ. Нæуæг анзи син уæхæн æфтуйæгтæ фист нæ цæудзæнæй.*

* * *

Цæгат Иристони гъæдти фæзуæттæ 2030 анзи уæнгæ гъæуама фæуурухдæр уонцæ 340 гектарей бæрцæ. Еци мадзал арæзт цæуй федералон проект «Гъæдтæ багъæуай кæнун», уæдта нæуæг национ æма «Экологон уавæр фæххуæздæр кæнун»-и фæрци. Еци нисантæ фæййагъаз уодзæнæнцæ гъæдти фæзуæттæ фæуурухдæр æма сæ зингисервæзтитæй гъæуай кæнунæн, нæуæг талатæ ирæзун, бæлæсти æма æндæр зайæгойти муггæгтæ æмбурд кæнунæн. Еци мадзал ма хуарз фæййагъаз уодзæнæй, ци бæлæстæ калд æрцудæй, уæдта ка бахускъæ ’й, уони бæсти нæуæг талатæ нийиаразунæн.

* * *

*Цæгат Иристони цæргутæй 2024 анзи сæ къайадæ исфедар кодтонцæ 2507 бийнонти. Къайадæ исфедар кæнуни уагæдони бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, сæ цард ка байеу кодта, уонæй силгоймæгтæ адтæнцæ 18-24 анзей кари, нæлгоймæгтæ ба 25-29 анзей кари.*

*Иннæ хабар ба уæхæн æй, æма бийнонти хецæн кæнуйнади нимæдзæ дæр фæмминкъийдæр æй – 27 процентей бæрцæ. Евгъуд анзи сæ къайадæ ка фехалдта, уонæй силгоймæгтæн сæ фулдæр æнцæ 35-39 анзей кари, нæлгоймæгтæ ба 40-49 анзей кари.*

* * *

Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети ахургæнгутæ æма студенттæ цæттæ кæнунцæ, сæрмагонд æфсæддон операций ка архайуй, еци тугъдонтæн хе æртайæн сор фæрæзнитæ.

Уонæй æнцон архайæн æй, гъæуй айдагъдæр губкæбæл 50 миллиметри дон æркæнун. Адæймаги бауæр хуарз ракæдзос кæнуй, уой фæсте ба ’й æрæхснун дæр нæ гъæуй. Комплектæн ес дарæн дзиппи кенæ æндæр рауæн, цийфæнди уавæрти дæр тугъдони бон æй æхе æрæхснун.

Еци гъуди фæззиндтæй университети дизайни кафедари хестæр ахургæнæг **Байти Эльзæмæ**. Æ цардæмбал дзармадзанæйæхсæг æй æма нуртæккæ ’й сæрмагонд æфсæддон операций. Æ командæ фулдæр архайунцæ гъæдти æма сæ уæхæн рауæни ба сор хе кæдзосгæнæн фæрæзнæ ахсгиагæй ахид багъæуй.

– Еци комплект ин ку рарвистонцæ, уæд æ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй. Тъасхи ку фæццæуй, уæд си дууæ-æртæ салфетки алкæдæр æ дзиппи райвæруй, – зæгъуй Эльзæ.

Еци салфеткитæ силгоймаг раздæр аразта хæдзари æхе хъауритæй, уæдта ’й бафæндадтæй сæ рауагъд фæффулдæр кæнун æма æ хъæппæрес балæдæрун кодта студенттæн дæр. Етæ дæр хъæбæр разæнгардæй исарази ’нцæ æ фæндони хæццæ æма бал нерæнгæ ’рцæттæ кодтонцæ 1500 комплекти. Рæхги сæ рарветдзæнæнцæ нæ тугъдонтæн.

**Цæгат-Иристойнаг компани архайдта картофи, халсарти æма рæзи кусти технологити равдисти. Хуннуй «Агротехэкспо: картофель, овощи, плоды 2025», арæзт æрцудæй Мæскуй 22-24 январи. Компаний минæвæрттæ си æвдистонцæ сæхе селекций картофи сорттæ «Садон» æма «Спринтер».**




**АХСГИАГ ГЪУДДАГ**



## СÆ РОХС НÆМТТÆ ÆНОСТÆМÆ ЦИТГИЙНАГ УОДЗÆНÆНЦÆ...

Æфсæддон полиций æдзард æфсæддонтæн номерæн циртдзæвæн игон кæнуни фæдбæл радзубанди кодта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æма уотæ загъта:

– Æфсæддон пъæлицæбæл бæрнон ихæстæ æвæрд ес, комкоммæ уомæ хауй Гæрзефтонг тухти барадон фæткæ гъæуай кæнуни, аллихузон æгъдауихæлдтитæ ма ’руадзуни гъуддаг. Æфсæддон пъæлицæйæгтæ службæ кæнунцæ сæрмагонд операций тæлми, косунцæ æндæр гъæуайкæнуйнадон нисанеуæги фарстатæбæл дæр. Æма алли гъуддаги дæр æвдесунцæ бæгъатæрдзийнадæ, Райгурæн бæсти сæрбæлтау удуæлдайдзийнадæ...

Махæн еумæйаг ихæс æй не ’дзард æфсæддонти бæгъатæрдзийнадæ зæрдæбæл дарун, æностæмæ син кадæ кæнун...

Уæрæсей гъæуайкæнуйнади министр æрæги æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй Донбасси æма Новороссийски будурти не ’фсæддонтæ æвдесунцæ алæмæти æхсарæ æма хъазауатдзийнадæ, цæмæй нæ адæми царди сабурдзийнадæ мацихузи гъигæдард цæуа, цæмæй нæ Фидибæсти исонибон никки райдзастдæр уа, уой сæрбæлтау.

– Сæрмагонд тугъдон операций тæккæ фиццаг бонтæй фæстæмæ æфсæддон полиций службæгæнгутæ тохæг къуæртти хæццæ æмархайд кæнунцæ сабурцæрæг адæмæн гуманитарон агъаз гъæуай кæнуни гъуддаги, – зæгъта æ радзубандий инæлар-болкъон **Сергей Кураленко**. – Нуртæккæ, украинаг æрбалæборгутæй нерæнги, ци рауæнти уæгъдæгонд æрцудæнцæ, уоми сабур царди уагæ гъæуай кæнунцæ комендатурæ, æфсæддон хуæдтолгити инспекцитæ.

**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 30 январи) 3-аг Белоруссаг фронти æфсæдтæ, сахар Кенигсберги рæбун немуцаг-фашистон æфсæдти къуарбæл æртеголæ уогæй æй бунтон ниддæрæн кодтонцæ.**

***ПЛИТИ Зæлинæ, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети историон факультети декан: «Ленингради цæргути æма æ гъæуайгæнгути уодфедардзийнадæ, сæ алæмæти æскъуæлхтдзийнадæ нин гъæуама фæнзуйнаг уонцæ, цæмæй цæттæ уæн нæ Фидибæстæ нæ нихмæ архайæг знæгтæй багъæуай кæнунмæ...»***



# ÆНÆБАСÆТТÆ ЛЕНИНГРАД

Гитлер æ хъозæнтти хæццæ 21 сентябри ци доклад «О блокаде Ленинграда» бацæттæ кодта, уоми утæ загъд адтæй «...мы блокируем Ленинград (герметически) и разрушим город, если возможно, артиллерией и авиацией... остатки «гарнизона крепости» останутся там на зиму. Весной мы проникаем в город... вывезем все, что осталось живое, в глубь России или возьмем в плен, сравняем Ленинград с землей...»

Уæхæн уавæрти Ленинград багъæуай кæнун куд зин адтайдæ, уой бæргæ лæдæрдтæнцæ бæсти разамунд дæр æма сахарæн æхе цæргутæ дæр. Фал уæддæр фæндæ ба еу адтæй: немуцаг-фашистон æрдонгти къах гъæуама ма 'рлæууа Ленини сахари зæнхæбæл...

Æнæмæнгæ утæ ке уодзæнæй, уобæл Ленинград гъæуайгæнгутæ федарæй æууæндтæнцæ... Знагæй е æруагæс дæр нæ кодта, æма сахарбæл ку æртухстæй ниххорх æй кæнуни фæндæй, уæд утæ æнгъæл адтæй æма ленинградæгтæ сæ гъезæмæрттæн нæ бафæраздзæнæнцæ, саст æрцæуидзæнæнцæ, фал е фæраздзæнæй: цалдæр мæйей дæргъи (1941 анзи 8 сентябрæй 1943 анзи 18 январи уæнгæ), еци хорхæлвæстæй ци сахар фæддардта, уой байсун сæ бон уæддæр нæ бацæй – е нæ, фал сæхебæл бæрзæйсæттæн цæф æрцудæй, ледзæги фæцæнцæ. Советон æфсæдти тугъдон операци «Искра»-й фæрци 1943 анзи 18 январи Ленинградбæл æртухст тунд æрцудæй, Ладоги цадæ æма фронти рæнгъи æхсæн фæззиндтæй «къæридор» (æ фæтæ адтæй 8-11 километри). Уобæлти 17 суткей дæргъи арæзт æрцудæй æфсæн æма автомобилон нæдтæ. Сахармæ цæун байдæдтонцæ поездтæ æма уæзласæн хуæдтолгитæ хуæлци, тохæндзаумæутти æма æндæр гъæугæ дзаумæутти хæццæ. Немуцаг-фашистон командæкæнуйнади фæндæ Ленинград блокади фæрци ниххорх кæнун æма 'й утемæй байсунæй неци рауадæй.

Блокади рæстæгбæл абони дæр ма дуйней рæстзæрдæ дзиллитæ дестæ кæнунцæ, сæ уодти нæбасæттондзийнадæн син сæ сæртæй ниллæг ковунцæ. Еугур еци хабæрттæбæл мах дæр нæ газети финстан. Фал уæддæр нæ ихæсбæл нимайæн сæ æримисун абони дæр – еуемæй бæрæггонд цæуй, Ленинград блокадæй исуæгъдæ уни 82 анзей бон, иннемæй ба ихæсгин ан, Фидибæстæ хъæбæр устур фидбилизи уавæри ку бахаудтæй, уæд нæ адæм еумæ куд исистадæнцæ æма куд уодуæлдайæй тох кодтонцæ æ сæрбæлтау – æхе сагъæс си неке кодта, сæ царди берæ ахсгиаг гъуддæгутæ дæр райеуварс кодтонцæ, утемæй. Е æй дæнцæн кæстæртæн – утæ ку нæ уа, уæд исонибони нæ Фидибæсти сæрбæл исдзоргутæ ку нæбал уа, уомæй тæссаг æй.

Ленинград немуцаг-фашистон æрдонгтæй багъæуай кæнуни тугъдтити æма уонæми архайгути туххæй, ку зæгъæн, амæй размæ дæр мухур кодтан. Зæгъæн, тугъди æма фæллойни ветеран, отставки болкъон **Толпарти Александри** уац дæр. Е уоми куд финста, утемæй цалдæр боней дæргъи карз тугъдтити фæсте немуцаг æфсæдтæн бантæстæй Лужски гъæуайкæнуйнадон тæлмæ батонун, æма сæ них исаразтонцæ Ленингради 'рдæмæ. 21 августмæ знаг байахæста сахар Чудово æма ралух кодта Октябри æфсæнвæндаг, Ленинградмæ ибæл бацæуæн куд нæбал адтайдæ, утæ. 30 августи ба знагæн бантæстæй сахар Мга байахæссун æма утемæй Ленинград хецæнгонд æрцудæй бæсти хæццæ бæттæг фæстаг æфсæнвæндагæй.

Фашисттæ 8 сентябри байахæстонцæ г. Шлиссельбург. Еци бонæй фæстæмæ Ленинград бахаудтæй æртухсти. 900 бони æма æхсæви сахар адтæй блокади.

Еци бæнтти фельдмаршæл фон Лееб фæдздзурдта е 'фсæдтæмæ: «Салдæттæ, уæ размæ æнцæ большевикон æфсади байзайæггæгтæ. Еунæг фæстаг цæф æма къуар «Цæгат» бæрæг кæндзæнæй уæлахез. Тагъд рæстæги фæуууодзæнæй Уæрæсей хæццæ тугъд». Утæ гъуди кодтонцæ фашистон Германий разамунд æма е 'фсади командæкæнуйнадæ. Советон бæсти разамунд æма адæм ба æндæрхузи гъуди кодтонцæ.

Цæргутæ æма фронти æфсæдти хуæлцади уавæр цæхгæрмæ фæллæгъуздæр æй, уæлдайдæр ба знаг Бадаевски хуайраги скълæдтæбæл ку бандзарста, уæд. Уоми адтæй хуайраги агъазиау æвæрæнтæ. 1942 анзи райдайæнмæ еу адæймагæн сутки дæргъи дзол лæвардтонцæ 125-150 грамми, æфсæддонтæн фæйнæ 300 грамми. Дзоли хуæрзгъæдæдзийнадæ фæнниллæгдæр æй.

Уавæр адтæй карз, бæсти уæди разамонæг Сталини загъдау «бæлахи уавæр». Умæ гæсгæ е фæдздзурдта Г.К. Жуковмæ. Ленингради уавæри туххæй дзоргæй ин загъта уой дæр, æма еци бæлахи уавæрæй фæйййервæзунæн алцидæр исаразун ке гъæуй, уой. И.В. Сталин зудта, еци уавæртæй сахар ке фæйййервæзун кæндзæнæй айдагъдæр Г.К. Жуков. Сталинæн загъта, кæд уавæр утæ вазуггин æй, уæд цæттæ 'й Ленингради фронтæн командæгæнæгæй рандæ унмæ.

Æма 1941 анзи 13 сентябри Г.К. Жуков инæлар-лейтенант М.З. Хозин æма инæлар-майор И.И. Федюнинскийи хæццæ ратахтæй блокадон Ленинградмæ. Смольныймæ ку бахъæрдтæй, уæд комкоммæ бараст æй фронти командæкæнуйнадæмæ, маршæл Ворошилови косæнуатмæ. Еци рæстæги уоми цудæй фронти Æфсæддон Совети æмбурд. Дзубанди адтæй сахар багъæуай кæнунбæл нæ, фал 'раттунбæл. Жуков балæвардта Ворошиловмæ Сталини финстæг. Ворошилов æмбурди ка адтæй, уонæн неци загъта финстæги туххæй. Жуковæн æхе багъудæй, Ленингради фронти командæгæнæгæй æй ке иснисан кодтонцæ, уой туххæй фегъосун кæнун, загъта, цæмæй Æфсæддон Совети æмбурд æхгæд æрцæуа. Еци-еу рæстæги баханхæ кодта, цæмæй Ленинград багъæуай кæнуни туххæй арæзт æрцæуа еугур гъæугæ мадзæлттæ дæр.

Балтий флоти наутæ адтæн минитæ æфтуд. Жуков бардзурд равардта минитæ уордигæй рандæ кæнун æма наутæ сахармæ хæстæгдæр æрбакæнуни туххæй, цæмæй сæ тохæнгæрзтæй фæййагъаз кæнонцæ фронти æфсæдтæн сахар багъæуай кæнуни гъуддаги.

Еци æма æндæр цæхгæрмæ мадзæлтти фæрци Ленинградмæ хæстæг уавæр фендæрхузи æй. Дууердигæй дæр нихмæлæууæг æфсæдтæ æрæнцадæнцæ, карз тугъдтити фæсте сæ къохи ци бафтудæй, уомити. Жуков цубур рæстæгмæ домбай баргъомусæй æрбайеу кодта еугурей дæр, исразæнгард кодта æфсæдти æма адæми нифсхастдзийнадæ æма æхсарæй, æма бундорон æйййивддзийнæдтæ 'рцудæй Ленингради фронти.

Ленинград багъæуайгæнгути рæнгъити угæй, знаги нихмæ карз тугъди устур арæхстдзийнадæ равдистонцæ Иристони мингай хъæболтæ. Уони хæццæ æртæ ирон инæлари: **Бæройти Михаил**, **Хъарати Геуæрги** æма **Цæликкати Хъантемур**, Советон Цæдеси фараст Бæгъатæри: **Бицати Сергей, Бунимович Юрий, Гæджити Александр, Коняхин Василий, Бзарти Геуæрги, Селютин Аркадий, Мнацаканов Александр, Пасынков Григорий, Цоколати Геннадий**.

Санкт-Петербургмæ хæстæг гъæутæй еу хуннуй Джатиево. Æма 'й ами цæргутæ утæ ба исхудтонцæ, ногираг лæхъуæн **Дзаттиати Дмитрийи** ном исцитгин кæнуни фæдбæл. Ленинград багъæуай кæнуни тугъдтити рæстæг ба батальони командир майор Дзаттий-фурт ами, цæгаттаг столицæмæ хæстæг, равдиста знаги нихмæ тохи устур арæхстдзийнадæ. Фæммард æй карз тугъдтитæй еуеми.

Кæрдзинигъæуккаг **Слонати Алибег** ци лæгдзийнадæ æма æхсардзийнадæ равдиста, умæн ба æмбал нæййес. Е дæрæнгæнæг хуæдтæхæги базурбæл тохи будурæй, фашистон æфсæдти æртухстæй раскъафта эскадрилий командир капитан Н.И. Свитенкой, кæци, радон ихæс исæнхæст кæнгæй æма фæстæмæ здæхгæй, цæф хуæдтæхæг æрбадун кодта будуйрон ихæлд аэродроми кæрони. Ирон цæргæси еци бæгъатæрдзийнади кой райгъустæй еугур дуйнебæл. Алибег æма командирæн бæргæ гъавтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном раттун, фал цæмæдæр гæсгæ бæгъатæрдзийнадæ равдесæг ирон лæхъуæнмæ æрхаудтæй айдагъдæр Ленини орден.

Ленингради блокадæн æ хай кæд æма 1943 анзи 18 январи тунд æрцудæй, уæддæр æнæгъæнæй ба ист æрцудæй 1944 анзи. Советон æфсæдти Ленинградаг-Новгородаг размæмпурсæг операций фæрци цудæй 1944 анзи 14 январæй ба 1 мартъий уæнгæ. Æ нисан – немуцаг æфсæдти къуар «Цæгат» ниддæрæн кæнун, Ленинградæй блокадæ æнæгъæнæй дæр исесун æма Ленингради облæст знагæй исуæгъдæ кæнун æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй. Советон æфсæддонти агъазиау тугъдон хъиамæттæ æма фæразондзийнади, советон æфсæддон разамонгути дæснидзийнади фæрци, немуцаг-фашистон æрдонгтæй уæгъдæгонд æрцудæнцæ айдагъ Ленинград æма Ленингради облæст нæ, фал ма Калининградди облæсти зингæ хай дæр.

Немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгтæй Ленинград ка багъæуай кодта, уонæй еу адтæй Толпарти Александр. Æма еци хъазауати бæнттæ имисгæй, утæ зæгъидæ:

– Адæймаги зæрдæн уиндæй, бакастæй, аййевдзийнадæй æма бæрзонддзийнадæй æхцæуæнддзийнадæ æма уæлтæмæнадæ ка хæссуй, еци сахар ка багъæуай кодта, æ сæрбæлтау æ цард ка нæ бавгъау кодта, уони рохс нæмттæ æностæмæ гъæуама еугур фæлтæртæ дæр имисонцæ. Цардæгас ма си ка 'й, уони ба зæрдиагæй гъæуама цитгин кæнæн. Баруагæс уи уæд, Ленинград бæгъæуайгæнгути æскъуæлхтдзийнади агъазиаудзийнадæн аккаг аргъ искæнун хъæбæр зин æй – еунæг уой зæгъдзæнæн, æма аци сахарæн æ карни æносондзийнадæ фескъудайдæ, æ фæд зæнхи цъарæбæл нæбал байзадайдæ, советон тугъдонтæ знагæн уæхæн æнæбасæтгæ нихкъуæрд ку нæ равардтайуонцæ, уæд. Еци лæгæвзарæн бæнтти Ленингради сæрбæлтау ка тох кодта, уони удуæлдайдзийнади фæрци аци цитгин сахар знаги фудвæндитæй фæйййервазтæй, æ фарнæ абони дæр цæруй æма æносмæ цæрæд!

Арази ан Толпари-фурти аци гъудий хæццæ. Ленингради сæрбæлтау тохгæнгути хъиамæтти уæлеуæгдзийнадæ ба иронх ма уæд, абони фæлтæртæ дæр куд фæразонцæ, айдагъдæр сæхе пайда æма хуарзæн нæ, фал Фидибæсти сæрбæлтау дæр рæстуодæй, сæ хъаурæ æма ацъагъутæй неци æвгъау кæнгæй хъиамæт кæнун.

***ХÆМИЦАТИ Маринæ***



Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

# ФАЦБАДÆНТÆ

Алæмæти гъæздуг æма æведуйгæ 'й нæ адæмон исфæлдистади цæмæдесдзийнадæ. Уой хæццæ ба ма тухгинæй-тухгиндæр разиндтæй – берæ æности æзнæтдзийнæдтæн ниффæрразгæй, фæлтæрæй-фæлтæрмæ цардгъон адтæй æма нерæнгæ дæр æй. Æ еци фæразондзийнадæ уомæй æнæбасæттон адтæй, æма е æй нæ адæми сæризунд, удихъаурæ æма зæрдрохсæй нивæнст. Æ фæдзæхст æвæрæнти ирдæй зиннунцæ фæлтæрти сагъæстæ æма бæлдитæ. Махмæ рагон дзаманти финсгæ исфæлдистадæ нæ адтæй æма нин фольклор æй уæди рæстæгути цаутæ æма хабæрттæ 'вдесæг. Адæмон исфæлдистади фæрци бакæнæн æности дуæрттæ, е нин исрохс кæнуй евгъуд дзамани талингæ къумтæ æма уотемæй раргом унцæ уæди сосæгдзийнæдтæ.

Рагон зартæ æма таурæхътæ нин, абони фæлтæртæн, бæлвурдæй лæдæрун кæнунцæ нæ адæми æгъдæуттæ, бæрæгбæнтти æма æндæр ахсгиаг гъуддæгути медес. Уотæ – Фацбадæнтæ нæ Дигори цитгиндæр бæрæгбæнттæй еуебæл цæмæ гæсгæ нимад æй, уой дæр. Уой фæдбæл æрмæг абони уомæ гæсгæ мухур кæнæн, æма, ка 'й зонуй, нæ дзиллæй уæлдайдæр ба нæ кæстæртæй кадæртæ бæлвурдæй нæ зонунцæ кутемæй нæмæ фæззиндтæй аци бæрæгбон æма куд бæрæггонд цудæй, уой.

Е адтæй раги дзамани. СтурДигорæмæ банæхстæр æй Еминæ. Еци рæстæг Хæймантæй еу лæг, æ ном Гими, цудæй гъæдбунти æма Еминæ æ размæ фæцæй, адæймаги хузæ райсгæй. Гими æй базудта æма 'й бафарста, кумæ цудæй, уобæл. Е ин загъта, Хæйманти Гимий хæдзарæмæ цæун, зæгъгæ.

Уæд фæйнердæмæ фæццудæнцæ æма Гими æ хæдзарæмæ фездахтæй, дуæрттæ федар рахгæдта æма бафæдзахста бийнонтæн, маке æрбауадзетæ, зæгъгæ. Хæдзари адтæй уайсадæг киндзæ. Е хабар нæ фегъуста. Уалинмæ Еминæ дуар бахуаста. Киндзæ еске бафæрсун нæ бандиудта æма ин дуар бакодта. Еминæ бацудæй хæдзарæмæ, коми тæф фестадæй æма бийнонтæбæл нез бафтудта. Гими гъæунгæмæ рауадæй æма нигъгъæр кодта, мæ хæдзари Еминæ фæззиндтæй, зæгъгæ.

Адæм уой ку фегъустонцæ, уæд гъæунгæмæ ракалдæнцæ, фал нæ зонунцæ, сæхе кæци изæдбæл бафæдзæхсонцæ – Уасгергибæл æви Идауæгбæл. Уæд Къургъостæй еу лæг, Байтемурихъо, зæгъгæ, е 'сфæндæ кодта еу гъуддаг бавзарун. Е загъта: «Æз фехсдзæнæн фат æма кæд Идауæгмæ исхауа, уæд е уодзæнæй нæ ервæзунгæнæг, кæд æма Уасгергимæ, уæдта уобæл фæдзæхсдзинан нæхе».

Фат фехста æма исæмбалдæй Идауæги кирæбæл. Уæд адæм еци дзиуарæмæ ниххæррæтт кодтонцæ æма уоми æрæнцадæнцæ. Еминæ сæмæ уордæмæ хæстæг нæ цудæй, дзиуарæ æй нæ уагъта. Уæд Еминæ æхе мегъæ фестун кодта, фал æй Идауæг ниддумдта. Уæд Еминæ фестадæй содзгæ цирæгъти баст æма сæбæл ниллæг хонхæй зелгæ-зелгæ æхе рауагъта. Идауæг ибæл фат исуагъта æма 'й æртæ хаййебæл фæххаун кодта. Æ еу хай фæззилдæй Билæгмæ æма батар æй, иннæ фæззилдæй скæсæнæрдæмæ Асинттæмæ æма уоми фунук фестадæй, æртиккаг байзадæй æ бунати æма 'й Идауæги кири ниввардтонцæ. Æрæгиаумæ дæр ма уоми адтæй.

Гъæу Еминæй ке фæййервазтæнцæ, уой номбæл искодтонцæ бæрæгбон – Фацбадæн. Уогæ растдæр бæргæ 'й уой Фатбадæн хонун, æма 'й нæ рагфидтæлтæ дæр æй, æвæдзи, уотæ худтонцæ, фал рæстæгутæ куд цæугæ цудæнцæ, уотæ æ ном æййивд æрцудæй.

Алли анз дæр ковунцæ Идауæгмæ, кувддитæ ин кæнунцæ. Е æй Идауæги бæрæгбон.

## РÆСТÆГ АДÆЙМАГИ ХÆЦЦÆ ÆМДЗО КÆНУЙ...

Фацбадæнтæ Дигоргоми фæлтæрæй-фæлтæрмæ нимад цудæнцæ тæккæ цитгиндæр бæрæгбæнттæй еуебæл. Æма уомæ гæсгæ ба сæ исбæрæг кæнунмæ дæр адæм сæхе уæлдай æновуддæрæй цæттæ кæниуонцæ. Еугур еци хабæртти тухххæй ма раздæр æнзти нæ газети финстан, æма сæ нæ газеткæсгутæй кадæртæ, ка 'й зонуй, нæ бакастæнцæ, уомæ гæсгæ ба нæуæгæй зæгъæн уони тухххæй цубурæй.

Хестæртæ куд имисунцæ, уотемæй мæйæ, дууæ мæйи раздæр алли хæдзарæ дæр хæссун райдайиуонцæ косæрттаг: ке бон куд уидæ, уотæ ка гал, ка нæл фус, ка ба нæл сæгъæ. Æнсури мæйи фæстаг хуцауæхсæвæ ку ралæууидæ, уæдта алке дæр ракæнидæ косарт, искæниуонцæ къеретæ. Бæрæгбон райдайуни хуæдразмæ алли бийнонтæ дæр сог ниффадиуонцæ къуæрей фагæ, уомæн æма бæрæгбæнтти не 'мбалдæй сау куститæ кæнун: сог фадун, фагус ласун æма уотæ идарддæр.

Еуцалдæр бони раздæр ба исфициуонцæ сау бæгæни. Еци æхсæвæ алке дæр æхе бийнонти хæццæ исковидæ Хуцаумæ, изæдтæмæ, идауæгмæ... Дуккаг бонæй фæстæмæ ба гъæубæсти адæм кезугай кодтонцæ сæ кувдтитæ, æма, уæд еу хæдзарæмæ, уæд иннæ хæдзарæмæ æмбурд кодтонцæ æма кувтонцæ идауæгмæ. Кувтонцæ имæ, курдтонцæ си, цæмæй бабæй сæ иннæ анз дæр сæрæгас, æнæфидбилиз, æнæнезæй æрæййафа. Еу загъдæй, сæхе ибæл фæдзахстонцæ. Геуæргихсæвæ ку ралæууидæ, уæддæр бабæй косарт ракæниуонцæ, къеретæ искæниуонцæ, къумæл исфициуонцæ. Уонæй ба кувтонцæ Лæгти Сæри Изæдмæ. Курдтонцæ си, цæмæй нæ нæлгоймæгтæ, хъæбæрдæр ба нæ фæсевæд, нæ лæги бундзæфхæдтæ царди лæуд уонцæ раст надбæл, уонцæ сæрæгас, æнæнез, æнæфидбилиз. Лæгти Изæд сæ цæмæй кæддæриддæр æ рахес базури буни дара.

Еци рæстæги иуазæг ку бафтуйидæ гъæубæстæмæ, уæд ин цуппæрæнæй раздæр рацæуæн нæбал æмбалдæй гъæуæй. Мадта гъæубæсти цæргутæ дæр некумæ цудæнцæ. Еци æгъдау æвæрд адтæй хъæбæр карз.

Бæрæгбони хабæрттæ ба ма уомæй федауцæ адтæнцæ, æма еци рæстæг не 'нгъизтæй фудконд миутæ кæнун дæр: кæрæдзей æфхуæрун, давун, фудниуæзтæ кæнун, сауæнгæ зуст дзорун дæр нимад адтæй фудмиуæбæл. Уотемæй адæм игъæлдзæгæй æрвистонцæ сæ бæрæгбони къуæрей дæргъи – кафтонцæ, зардтонцæ, кæрæдзебæл цийнæ кодтонцæ.

Уотæ дзориуонцæ нæ рагфидтæлтæ. Æма еци загъди рæстдзийнади ба берæ аллихузон фæззелæнтæ рабæрæг уй: кæцидæртæ адæймагæн зæрдæхцæуæн разиннунцæ, кæцидæртæ ба – зæрдмæгургæнæг. Гъома, рæстæг нин нæ цардарæзт берæ хуæрзæмбесонддзийнæдтæй бахузæнондæр кæнуй, фал уой хæццæ ба нин нæ фидтæлтиккон фарнæй берæ цидæртæ æрбасатар кæнуй. Уæлдай фуддæрдæмæ е фæббæрæг уй не 'гъдæутти, нæ бæрæгбæнтти цитгиндзийнадæбæл.

Абони нæ дзубанди Фацбадæнти фæдбæл ке 'й, уомæ гæсгæ бæлвурдæй зæгъдзинан уони тухххæй. Рæстæгутæ зингæ-зингæ фендæрхузон кодтонцæ Дигоргоми цардарæзт дæр. Уоми гъæути цæрæг адæмæй берæтæ сæ фидиуæзæгтæ ниуудзгæй, æрцардæнцæ будуйрон гъæути æма сахарти. Ами уавæртæмæ гæсгæ арæзт цудæй сæ цардиуагæ, æма фиццаг рæстæгути æновуд адтæнцæ сæ фидтæлтиккон бæрæгбæнттæбæл, куд гъудæй, уотæ сæ бæрæг кодтонцæ. Фал фæлтæртæ фæлтæрти æйййевгæ куд цæунцæ, уотемæй еци фæткитæ кенæ æндæрхузонæй æнхæстгонд цæунцæ, кенæ ба сæ æгириддæр нæбал æнхæст кæнунцæ. Æма, ка 'й зонуй, уой дæр бæлæдæрун æнгъезуй. Фацбадæнтæн куд гъæуй, уотæ кутемæй исбæрæг кæндзæнæ, зæгъæн, Дзæуæгигъæуи, кæд æма дæ алфамбулай цæрæг адæмæй аци бæрæгбон еунæг дæуæн æй хеуон, иннетæн ба еугуремæн дæр æцæгæлон æй, уотемæй? Кенæ, зæгъæн, еци бæнтти хæдзарæмæ 'рбацудæй иуазæг, уæд æй æнæгъæнæ къуæре уæхемæ кутемæй фæддардзæнæ? Кенæ, зæгъæн, косгæ кæнис, уотемæй Дигоргоммæ рандæ уодзæнæ бæрæгбон бæрæг кæнунмæ, уæд си къуæре куд гъæуама фæуууай? Дæ куст ба? Уæдта ма уоми гъæути уойбæрцæ бийнонтæ цæруй, къуæрей дæргъи кезугай бабæрæг кæнуни фагæ?

Фарстатæ берæ 'нцæ, кæцидæртæ исæвзурунцæ рæстæгутæмæ гæсгæ, æййивддзийнæдтæмæ гæсгæ, кæцидæртæ ба – нæхе азап, нæхе æвæлмонцдзийнади фудæй.

Цидæр æй, уæддæр нæ дзиллæй фулдæрæй-фулдæртæ сæ равгитæ æма гæнæнтæмæ гæсгæ бæрæг кæнунцæ нæ фидтæлтиккон цитгин бæрæгбон – Фацбадæнтæ. Е уæлдай ахсгиаг æй, æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг гъуддаг æй, уæлдайдæр ба абони. Куд рабæрæг æй, уотемæй бабæй нæмæ еминæ æрбабурдæй, нæ нури цардарæзти рохсдзийнадæ нин илгъаг кæнуй аллихузон фудуагдзийнæдтæй, уæлдайдæр ба æ зæрандзийнадæ е æй, æма ке архайуй нæ ирæзгæ фæлтæрти сæризунд æма уодиконд исаллайаг кæнунбæл. Æма бабæй нæ багъудæй емини нихмæ карзæй истох кæнун. Æцæг – айдагъдæр кувдтитæ æма ковунтæй нæ, фал бæлвурд цардарæзтмæ аразæг архайдæй дæр. Æма нин уоми нæ Идауæг бабæй агъазгæнæг уæд!

Ралæудтæй Фацбадæни цитгин бæрæгбон æма нæ фæндуй адæмæн ракæнун зæрдтагон арфæ. Уотæ æнæнез, æнæфидбилиз. Алли анз дæр нæ кадгин бæрæгбонбæл рæсугъдæй, цийнæйдзагæй куд æмбæлæн, еци хуарзæнхæ нæ еугурей дæр уæд! Кæддæр Дигори адæм Идауæг еминæй куд багъæуай кодта, уотæ гъæуай кæнæд мах дæр алли фидбилизæй дæр!

## РАКУВДТИТÆ



### ИДАУÆГИ КУВД

О, нæ Идауæг, нæ сæрхезæг!..
Нæ сæр дæ фæдзæхст,
де 'уазæг!..
Нæ сувæллæнттæ ирæзгæ
кæмæ кæнунцæ,
нæ зæрæндтæ нæуæг
кæмæ кæнунцæ,
Еци Идауæг.
Не' ннæ анзи бон дæр
нæбæл дзæбæхæй,
Сæрæгасæй ци 'рцæуай.
Нæ къох идзаг уогæй дин
Нарддæр косарт ци искæнæн
сæрæгасæй,
Бæгæни бæзгин ци искæнæн
сæрæгасæй.
Олартхойнæ уæларвмæ цæуæг æй.
Хуарз хабæрттæ ни фæххæссетæ.
Нæ кувд уин барст
æма æхцæуæн уæд.
Хуæрзеугутæ, рæстеугутæ ба
ниуудзетæ!..

*Аци кувд ниффинста зундгонд ахургонд ЦАГЪАТИ Анастасия. Мухур ба 'й ракодтан Тменати Дзерасси киунугæ «Ирон æмæ дыгурон куывдтытæ»-й.*

***Фиццаг уæрæсейаг революци, Владимир ЛЕНИНИ загъдмæ гæсгæ, «арф исфæлдæхта мæрæ, æд бундзæфхæдтæ искъахта æносон мæнгæнгъæлцитæ, политикон цард æма политикон архайдмæ райгъал кодта миллионгай косгути æма дæсгай миллионгай зæнхкосгути, кæрæдземæн дæр***



***Советон доги Фиццаг уæрæсейаг революци æнæмæнгæ баст цудæй паддзахади иннæ, сауæнгæ æ кæройнаг рауæнти фæллойнæгæнæг дзиллити 'рдигæй ци æзмæнститæ рауайидæ, уони хæццæ. Уотемæй ба е бустæги раст нæ адтæй – Уæрæсей иннæ рауæнти фæллойнæгæнгутæ сæ бартæбæл 1905-1907 æнзти размæ дæр исдзориуонцæ, сауæнгæ гæрзефтонг исистадитæ дæр си рауайидæ. Фал си революциондзийнадæй ба уоййасæбæл неци адтæй – адæм хумæтæги истухсиуонцæ æма сæ масти фæдбæл рацæуиуонцæ. Уобæл цæуй дзубанди, мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци æрмæги дæр.***

***...Вольно-Магометановское (нуртæкки хуннуй Чикола) куд гъæу, уотæ ку фæззиндтæй, сауæнгæ уæдæй фæстæмæ ами æрцæрæг адæм Туйгъанти (Дигори номдзуддæр лæгтæй еу, Баделий байзайæггæгтæ ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ сæ худтонцæ баделиатæ, æма сæ рæстæги æхсæнади ирон æлдæртти æмбæрцæ ахæстонцæ бæрзонд уагæ) муггаги хæццæ буцæутæ кæнун райдæдтонцæ. Фиццаг устур хъаугъа сæмæ рауадæй 1853 анзи. Цæмæй зæнхкосгути æрсабур кæнонцæ, уой туххæй Туйгъантæ фæдздзурдтонцæ хъазахъæгтæмæ. Гъуддаг лухгонд æрцудæй уобæл, æма «æзмæнтгутæ» Туйгъантæн дзурд равардтонцæ, æнæ уони бафæрсгæй гъæдæ ке нæ цæгъдздзæнæнцæ, сæ зæнхитæй син ке неци хумæ кæндзæнæнцæ, сæ игуæрдæнтæй син ке нæ пайда кæндзæнæнцæ, уобæл. Хъаугъа ка ракъахта, уони ба нииййахæстонцæ æма сæ Дзæуæгигъæуи ахæстдонæмæ бакодтонцæ. Фал гъæуи цæргутæ сæ дзурд фæссайдтонцæ æма сæмæ кæд цийфæнди æвзистонцæ, ахæссунæй сæ тæрсун кодтонцæ, уæддæр сæ ци багъæуидæ, уой æнæфæрсгæй истонцæ, сæ зæрди ци адтæй, уой кодтонцæ.***

# АДÆМ СÆ БАРТÆБÆЛ КУ ИСДЗУРДТОНЦÆ...

Буцæутæ хъæбæрдæр иситинг æнцæ 1905 -1907 æнзти. Зæгъæн, 1905 анзи 14 декабри райдайгæй, Тумбул гъæдæ ке хонунцæ, уоми бæлæстæ æнауæрдонæй цагътонцæ. Туйгъанти гъæздугдзийнæдтæбæл æгириддæр нæбал аурстонцæ. Магометановскийи старшина Малхъарти Хъаурбег æма гъæдгæс Хъæдохти Бекмурзæ куд игъосун кодтонцæ, уотемæй баделиати гъæди хевастæй бæлæстæ цæгъдунмæ адæми ахъелæг адтæнцæ Æлбегонти Хангерий, Сугкойти Басиат, уæдта се 'мбæлттæ Таухъазахти Даукуй æма Умæти, Цорити Басят æма Смали, Цæрикъати Адуге, Дзадзати Хадзимæт, Смали æма Гуатдзау, Гъуцъунати Дзахо æма Сурхан, Тауасити Даукуй, Золойти Ораз, Гæтийти Хъæрæсе, Цæукъати Санкъо. *«Магометанский приход двинулся на наш лес. Третий день производят рубку. На днях ожидается такое же вторжение крестьянами с. Христиановского»,* – уæхæн тел 1905 анзи 15 декабри облæсти хецау Колюбикинмæ ниццавтонцæ инæлар-майор Туйгъанти Аслæнбег æма Туйгъанти Алихан. Туйгъантæ ма курдтонцæ 3-аг хайади хецау дæлболкъон Н. Мардановой: *«Хъазахъæгтæ æрбакæнетæ æма пусулмонгъæуккæгти бафхуæретæ».* Марданов ба Дзæуæгигъæуи зилди хецау болкъон Л. Вырубовæн фегъосун кодта, гъома, *«местные жители под влиянием разных агитаторов все возбуждены и производят самоуправство порубкой лесов частновладельческих и казенных. Потерпевшие просят вызвать войска и произвести расправу. Я не принимаю таких мер и категорически отказываю в приглашении для защиты в порубке лесов, и, по моему взгляду, в подобных случаях можно создать общее восстание и страшное кровопролитие, народ и без того в слишком возбужденном состоянии».* Дæлболкъон Марданови хæццæ арази уогæй, облæсти хецау Терки облæсти хецауæй курдта: *«Никаких особых мер пока не предпринимать, ввиду особенно неспокойного настроения умов в Северной Осетии в данное вообще смутное время при повсеместных аграрных движениях...»*

Уой зæгъун гъæуй, æма уæхæн гъудибæл хуæст еу æма дууæ хатти нæ адтæнцæ Дзæуæгигъæуи округи æма 3-аг хайади хецауадæ.

Цидæр адтæй, уæддæр Туйгъанти гъæдæй цагъд æрцудæй 200 гектари æма 'й Магометановскиймæ 'рластонцæ. 1905 анзи 24 декабри ба аци гъæуи цæргутæ 150 адæймагемæй бампурстонцæ гъæуи разамунди хæдзарæмæ, басастонцæ скъæппитæ æма къассæ, райстонцæ си Алагири гъæди хæдзаради 200 унаффи æма Туйгъанти гъæди ниццагъди фæдбæл 143 пъæлицæйаг протоколи æма сæ басугътонцæ.

Декабри тугъдон исистади революцион адæми фегуппæги фæсте паддзах исфæндæ кодта фæллойнæгæнæг адæми бустæги ницъцъист кæнун. Паддзахади еугур рауæнтæмæ дæр æрвист æрцудæнцæ æфсæдтæ, кæцитæ архайдтонцæ уæлрадон уавæри закъæнттæмæ гæсгæ. Уоййадæбæл Иристони мурхта болкъон Ляхови æфхуæрæг отряд.

Вольно-Магометановскийи ци цаутæ 'рцудæй, уони æцæгдзийнадæ исбæлвурд кæнуни фæдбæл æз пайда кодтон айдагъдæр официалон архивон æрмæгутæй. Уонæн сæ фиццагидæр – 1905 анзи 30 декабри инæлар-майор губернатор Колюбикини фæдздзурд Иристони гъæууон æхсæнадитæмæ, Дзæуæгигъæуи æхсæнади цæргутæмæ. Уоми дзурдæуй: *«Ввиду прошедших 21, 22, 23, 24 числа сего декабря скопом погромов, произведенных жителями осетинских селений Владикавказского округа в станицах... приглашаю все осетинские сельские общества принять к предотвращению подобных погромов следующие меры:*

*1. Образовать в каждом селении комитет не менее как из 30 чел. Почетных стариков при участии сельского духовенства, сельских старшин и всех должностных лиц сельского Правления.*

*2. Комитетам обезоружить всех неблагонадежных односельчан, взять их под надзор общества и сельской полиции с лишением права отлучки из селений без разрешения сельской власти.*

*3. Собрать в селении самые верные и обстоятельные сведения об участниках народных погромов и вождях агитаторах-подстрекателях, списки представить через сельских старшин Окружному Начальнику для привлечения к законной ответственности.*

*4. Повлиять целым обществом на всех обнаруженных комитетом лиц, чтобы они возвратили все ими ограбленное, причем пригрозить им, что в случае отказа они будут выданы Правительству виновными с приговорами на них.*

*5. Обращаюсь за содействием ко всему благомыслящему осетинскому населению, прошу принять с его стороны все зависящие меры к удержанию хулиганствующей молодежи во избежание принятия над населением репрессивных мер.*

*6. В крайнем случае вынужден предупредить осетинское население, что с 23 числа сего декабря Терская область объявлена на военном положении и что всякие беспорядки будут подавляться войсками, а руководители беспорядков властью генерал-губернатора в административном порядке подвергаются аресту до трех месяцев или штрафу до трех тысяч рублей».* Иннæ документ – Терки облæсти жандармерий сосæг финстмæ гæсгæ ба базонæн ес, Иристони фæллойнæгæнгутæ сæ бартæбæл исдзоруни фæдбæл сæ исистад æфсæддон тухæй æнсæнстгонд куд æрцудæй, уой.

Ротмистр Лупанов 1906 анзи 1 феврали игъосун кодта, зæгъгæ, 21-аг фестæг дивизий штаби хецау болкъон Ляхови разамундæй экзекуцион къуар зингæ хъауритæй тохæндзаумауи æртæ хуземæй архайгæй 7 январи бацудæнцæ Иристонмæ æма си нæуæгæй æвæрд æрцудæй раздæри æгъдау, 22 æма 23 декабри Æрæдони, Алагири, Салигæрдæни, Галони, Мизури æзмæнститi æма æстъегъундзийнæдти ка 'рхайдта, уони тохæндзаумау ист æрцудæй. Еци гъуддæгути сæйраг фудгинтæ ахæст æрцудæнцæ, ци мулк фæддавтонцæ, уой ба си байстонцæ. Уæлдæр ранимад æстъегъундзийнæдти ка адтæй фудгин, еци адæмæй æхцай ивар ист æрцудæй.

Болкъон Ляхов сæмæ ке бавзиста, тохæндзаумауæй ке испайда кæндзæнæй, уой фæрци æ къохи бафтудæй ци гъудæй е, адæми æнæ зæранæй. Æцæг, еуæй-еу гъæути, зæгъæн, Гъæдгæрон æма Нæуæггъæуи, цæмæй æфсæддонти домæнтæ æнхæстгонд æрцудайуонцæ, уой туххæй цалдæр æхсти кæнун багъудæй дзармадзанæй, æма уой фудæй цалдæр хæдзари фехалдæй. Уомæ гæсгæ цæргутæ æрсабур æнцæ.

Гъе уотæ цудæй æфсæддон операци 26 январи уæнгæ, отряд ку бахæстæг æй Магометановскиймæ. Уой цæргутæ Æрæдони æстъегъундзийнæдтæй уæлдай ма фудгингонд цудæнцæ, сæ синхаг зæнхдаргутæ Туйгъанти бадзурди гæгъæдитæ гъæуи правленийæй ке радавтонцæ æма сæ ке басугътонцæ, уæдта син сæ гъæдтæ ке цагътонцæ, уомæй.

Болкъон Ляхов Пусулмонгъæуи цæргутæй бадомдта, цæмæй, ци тохæндзаумау сæмæ ес, уой раттонцæ, байагурдта си сæ фудгинти туххæй ивари æхцатæ, фал дини косгути фæрци еци домæнтæ фæстæдæрмæ æргъæвд æрцудæнцæ. Ляховæн æ гъуддаг сабурæй ку нæ уадæй, уæд исмæстгун æй æма сæмæ нæуæгæй бавзедгæй, гъæу дзармадзантæй æхсун райдæдта. Бæлвурдгонд бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, цалдæр æхстей фæсте цæргутæй 16 гъигæдард баййафтонцæ, 7 уæззау цæфтæ фæцæнцæ, 6 – рæуæг, 3 лæги ба къуру фæцæнцæ. Уæззау цæфтæй дууæ рамардæнцæ, иннети ба фæлластонцæ Дзæуæгигъæуи æфсæддон госпитæлмæ. Еци æхстити фæсте адæм æхстæй фæккуддæр æнцæ, неке нецибал исдзурдта, исæнхæст кодтонцæ еугур домæнтæ дæр æма Ляхови къуар фæстæмæ Æрæдонмæ, æ лæууæн бунатмæ раздахтæй.

Ротмистр Лупаков æ игъосункæнуйнаг уомæй фæцæй, æма байамудта æстъегъундзийнæдти цаутæ цæмæй мабал æрцæуонцæ æма Терки облæсти сабурдзийнадæ цæмæй ниффедар уа, уой туххæй ци исаразун гъæуй, уой: *«Первоначальная причина разросшихся погромов заключается в малоземелье некоторых сельских обществ... Спокойствие и порядок в Терской области могут быть вполне упрочены только со значительным увеличением повсюду гарнизонов, которые здесь слишком малочисленны».*

Еци хузи архайдæй хецауадæ куд æнæгъæнæ Иристони адæм, уотæ Магометановскийи цæргути дæр не 'рсабур кодтонцæ – уобæл фæстæдæр лæмбунæгдæр радзордзинан. Нур ба, Ляхови æфхуæрæг къуар ке нииййахæста, еци адæми туххæй.

*«...Насколько мне известно, еще два месяца тому назад генерал-лейтенант Колюбакин входил с представлением к наместнику его императорского величества на Кавказе относительно выдворения всех выданных обществами осетин (163 чел. – У.Б.), вместе с их семействами, на вечные времена из пределов Кавказа, на что и последовало тогда же принципиальное согласие его сиятельства».*

Фал син бафхуæруни туххæй ци иснисан кодтонцæ, е – Тифлиси тæрхони палати 1907 анзи 7 апърели унаффæмæ гæсгæ – æнхæстгонд не 'рцудæй æнæгъæнæй. Æ Императорон Бæрзонддзийнади Указмæ гæсгæ Тифлиси тæрхони палатæ «О погромах в Осетии», зæгъгæ, гъуд-

**Æхсæзинсæй анзей размæ (1905 анзи 25 январи) Владимир Ленин ниффинста æ уац: «Революций райдайæн Уæрæсей» («Начало революции в России»), кæцими бæлвурдæй фæдздзурдта æдгæрзтæ исистадмæ цæттæ кæнунмæ.**

***æма æнæгъæнæдуйнейæн дæр бавдиста уруссаг æхсæнади еугур кълæстæ (æма еугур сæйраг партитæ дæр) се ’цæг æрдзондзийнадæ, сæ цæмæдести, сæ хъаурити, сæ архайди мадзæлтти, сæ хæстæгдæри æма идарддæри нисанти æмрахасти æцæгдзийнадæ...»***



даги фæдбæл зулунгонд ка цудæй, уони туххæй æрмæгмæ æркæсгæй рахаста унаффæ: «Подсудимых жителей селения Магометановского Владикавказского округа Терской области Саламана (он же Бочко) Мутиевича Марзоева, 21 года Анзора Кайсановича Баликоева, 28 лет, Тазрета (он же Тазе) Басиевича Тугкаева, 44 года, Умара Сафаровича Баликоева, 31 год, Сосланека Кубадиевича Озиева, 26 лет, Хаджирета Эльмурзаевича Хасцаева, 23 года, Габуцу (он же Делетко) Карасеевича Дедегкаева, 38 лет, Умара Кубадиевича Кертанова, 30 лет, Магомета Налуковича Карданова, 45 лет и Габули (он же Хаджибекир) Тугановича Токаева, 47 лет, лишить всех особенных прав и преимуществ и отдать в исправительные арестантские отделения на один год каждого».

Хуасдзаути Хадзирæт æма Тохъайти Гæбули бунати байзадæнцæ, иннетæ ба 14 октябри æрвист æрцудæнцæ Харькови губернимæ.

Куд æнæгъæнæ Иристони, уотæ Магометановскийи дæр 1905-1906 æнзти æзмæнстити архайди фæдбæл ахæститæ æма æфхуæрдтити фæсте аграрон фезмæлдтитæ фæстæдæр æнзти нæбал адтæй. Рауайидæ айдагъдæр еуæй-еу хæлхъойтæ зæнхкосгути ’рдигæй. Уомæн агъаз кодтонцæ кавказаг администраци, ами æхсæнади социалон-политикон кæрæдзебæл нæбæтгæ карз фарстатæ еуцæйбæрцæдæр фæххузæнондæр кæнуни туххæй ци гъуддаг аразун райдæдта, етæ дæр, хъæбæрдæр ба «рæстæгмæцæрæг» зæнхкосгутæн бустæги æнæхай æма уомæ гæсгæ ами цæрæг адæми тæссагдæр хайæн.

1906 анзи мартъий арæзт æрцудæй къамис, æ сæргъи Терки облæсти хецауади унаффæгæнæг В.А. Вертеполов уотемæй, кæци иснисан кодта, зæнхæ кæмæн нæйиес, уони гъуддаг исаразуни фæдбæл æртæ амали: *«а) переселение части временно проживающих на свободные казенные земли в Моздокском районе; б) приписка части временно проживающих к тем селениям, в которых они проживают с нарезкой им участков из соседних казенных дач; в) образование для части временно проживающих отдельных поселений на участках свободной казенной земли в пределах Владикавказского округа».*

Зæгъун гъæуй уой, æма аци проекти дуккаг хайбæл будури гъæути бундорон цæргутæ æмхузонæй не ’сарази æнцæ. Айдагъдæр Магометановскийи цæргутæ нæ исарази ’нцæ, цæмæй «рæстæгмæцæргутæ» се ’хсæн æрбунат кæнонцæ, æцæг син уæлæнхасæн зæнхи хай ку радех кæнонцæ, уæд. «Рæстæгмæцæргути» æдзæллаг уавæри фæдбæл Магометановскийи цæргути æнсувæрон æмуоддзийнадæ æма сæмæ фæккæсундзийнадæ хумæтæги нæ адтæнцæ – еци тухст адæм куд Дигоргомæй рацæуæг, уотæ сæ хæццæ баст адтæнцæ хæстæгдзийнадæ, æнсувæрон рахастдзийнæдтæй.

Уогæ цийфæнди ку уа, уæддæр еци æгъдау адтæй зæрдхæлардзийнадæ æма ездондзийнади æвдесæн пусулмон æхсæнади ’рдигæй, кæци еци рæстæги царди уæззауæй-уæззаудæр уавæрти дæр нæ фесафта æ адæймагон бæрзонд менеугутæ, æ адæмуарзондзийнадæ.

Еу загъдæй, Магометановскийи æвддæс æма дууинсæй «рæстæгмæцæрæг» зæнхкосæги иссæнцæ гъæуи æнхæстбаргин цæргутæ, къазнай фондæй ба син радех кодтонцæ зæнхæ 228 десятини, гъома, еу удгоймагæн 4 десятини нимайгæй.

***Аци æрмæг кæддæр нæ газетæн сæрмагондæй бацæттæ кодта историон наукити кандидат БАТÆРТИ Урусбий (абони, гъулæггагæн, не ’хсæн нæбал æй, рохсаг уæд).***

# ЧИКОЛА 1905 АНЗИ



**ДЗАДЗАТИ Гусейн**

**(1921-1942)**

**поэт, журналист**

**1**

«Гъæй тох!.. Лæг ка ’й, – цудæй фæдес, –
Туйгъантæн тагъд цæгъдетæ, цæй,
Сæ гъæдтæ!..» Раст æ хуæдæмбес
Гъиггаг зумæгæн дæр фæцæй.
Фæндаг цъæх ех иссæй бунтон,
Бурдæнæй мет сæлуй æвваст.
Хъæбæр иссæй фудхуз фиртон, –
Сирдау нæй е хуæрдæй æфсаст,
Уæддæр гъæдласæ ба тухуаст
Кæнунцæ –«тъæй» – цæуй сæ гъæр
Гъæддзаутæн. Над исуй лæгъзæр,
Цума хелагæ йбæл бурдæй,
Гæнгæй къæдзал-мудзул думæг,
Куд нæ, кæд, раст, æгас зумæг
Кодта гъæдласæ гъæу зудæй...
Мæгур курдта æфстау бæх, гал
(Кæми хуæздæр гæнæн мадзал)
Ку ’риста, цит, æхецæн лух, –
И бæх ке æй уомæн – цуппар
Ка ’й зонуй ма и бæх къулух
Фæууа, адтæй æндæр и зар...
Туйгъантæн, цит, ка ’дтæй лигъстаг, –
Хастонцæ уæд уонæмæ цурд
Адæмбæл цъух ма мæнгæ дзурд,
Гæнгæй сæ цард уомæй хиццаг,
Гъæуæн ба нез ма сурх зингæй
Кодтонцæ хай, уингæ-уингæй...
Æнойдæр гъæу кæми ’й фæндон
Хурдаст си дийнæн йæ æндон;
Æ кадæ æй уомæн бæрзонд,
Нæйиес еу дæр си ахургонд!..
Нур си скъола дзæбæх иссæй:
Æгас гъæуæй кæсуй инсæй, –
Æнцæ хуæрзхаст, дзæбæх фæлунст
Сæ дзиппæ идзаг, фурдунст,
Гъæуæн си хъаппæ, еудзурдæй!
Мæгур ци агора æ фуртæй, –
Æхуа нæйиес, мæзгит – устур, –
Нийвæзæд йе уæларвмæ хъур!
Миййаг, молло сæ фагæ нæй,
Кæд æй равзаргæ адæмтæй,
Идардмæ кæд цæуй æ кой,
Гъай-гъай, гъæуй нимайун уой,

Нур ба бунтон, кæдæй Гаппон
Мæгур косгути æ фæндон
Фесафта-фæ, моллотæ дзурд
Хæссунцæ: «Æй, хорау, бæлвурд:
Киристæнттæн сæ дин – мæнгард!..
Минафихътæ мæгурти цард
Ихалунбæл косунцæ! Гъе,
Алке кæнæд гъæуай æхе
Бæлахгинтæй! Нæйиес æзнаг
Махæн киристæнттæй уæлдай!
Лигъз æй дзорунмæ сæ æвзаг,
Дзорунцæ алци æдуæлдай.
Нæхе медастæудæр нур ес
Гяуртæ... Йæ Хуцау дæ нез
Уонæн æруадзæ сæ сæрбæл,
Цæмæй ма ’рцæуа нæ гъæубæл
Бæлах... Ковета Хуцауæн,
Хуæруй йе арт, телгæй хъæма:
«Æмбæлттæ, гъей, зонайтæ нур,
Цæмæй нæ цард кæнуй бугъзур,
Цæмæн Туйгъантæ æдзæсгон
Кæнунцæ алци сæ фæндон
И гъæдтæ, Зæнхæ, – æндæрæй,
Цума скодтонцæ сæ сæрæй,
Уоййау кæнунцæ ’хе æлдар, –
Уонæн мах ба сæ хъалондар...

Гъæдласæ мах кодтан зудæй,
Æма гъæубæл нур æмбурдæй
Хъалон ниввардтонцæ уæларгъ:
Уорсаг, инсад, уæд фид, уæд маргъ...
Ай-гъай, нæ ратдзинан хъалон
Туйгъантæн мах! Ма фелеуон
Гæгъæдитæ уадзонцæ нур!..»
Æй саст канцеляри тугур...
Хæссуй фæсевæдæй сæ еу
Гæгъæдитæ: цурхуй хæлеу
Метбæл гъе уони æмзилдæг
Кæсуй фæсевæд æдзинæг
И къондзмæ. Еу уæд исиста
Æ спицкæ æма æй иссугъта...
Хъалонтæ нур цæфсунцæ – гъей!
Уорс мет и тæвдæ, и хъуæцæй
Тайуй фалдзости æнæ ’вгъау
Зиннуй дзæвгарæ Зæнхи сау...
Бунтон ’ринуадæй нур и арт...
Фæсевæд бахуæргæй æ арт,
Фæцæй хæлеу е уайсахат
Ка си цæуй намазмæ тагъд;
Ка ба медресемæ лæф-лæфæй
Е ба бунтон бун ма бауæн!»

Сæумæй, рæфтæй ма изæрæй
Азан не ’нцадæй æ гъæрæй,
Азалд цудæй гъæубæл идард –
Æма и гъæу кодта бунтон æнкъард...
Æнцæ и бæнттæ фæд-фæдæй
Æма сурдтонцæ кæрæдзей.

**2**

Нæма дуйнети æ тунтæй
И хор райгъал кодта фунтæй;
Нæма ’й бæрзонд уомæн æ каст, –
Уæддæр кæнуй зумæг фæлмаст,
Нæбал будурти сабийау
Кæуй бурдæн (нийвазгæй хъур),
Гъе фал уæддæр æ фонс фиййау
Нæма ’скъæруй хезунмæ нур
Хорсортæ ма æнцæ æмбæрзт
метæй; фæстаг хатт ма æ мист
Гъавуй кæнунмæ и уазал,
Уингæй æ размæ æ адзал.

Мæнæ, Чиколай Гæнцъелар
Цума ци уа е? Æ тургъæй
Цæуй æстуф, æзгули, ’нсар...
Лæууй фæсевæд тумугъæй,
Хæссуй идæрдти е æ дзагъд
Æнцæ хæлхъой æма радзагъд
Сæ фæндтæ; фал гъе уæд сæ еу
Æ къох æрбамбурдта æма
Дзоруй гъæрæй, хуайгæй æ реу.
Тундзуй æнсарæ хæлæфæй
Ка ба цæуй сæхемæ цурд,
Гæнгæй сагъæстæ фуд-лæхурд...
Ходуй еу къуар гъæуæй «хе, хе!»
Туйгъантæмæ гъæуама е
Нур бамедæг кæна хабар...

**3**

«Е æй махæн не ’сæвди зар,
Æндæр куд бандиудтонцæ, куд
Хъалонтæ содзун æнæ дзурд
Сау адæмтæ?!. Дессаг куд нæй, –
Уой ба фæсевæд æмбурдæй!
Худтæнцæ, дан, фæндон, дзæбæх,
Ку ’суагъта арт цирентæ цъæх...
Мах, дан, нæ ан нур хъалондар!..
Мæгур фæуæд бунтон уæ цар,
Мах æй сау пъæрттæ сау-сауид
Æфтаудзинан никки ахид, –
Е дæр бæззуй нин рæуонæн!..
Нур ба гъуддагбæл æрдзорæн.
Цардæн æ цалх тулуй уæззау,
Æма æ буни æнæ ’вгъау
Кæнуй зæронд æгъд æуттæ е, –
Уомæн, зонетæ, сæ фæсте
Рæстæг æндæр, цит, искæна...
Цæмæй нæ цард уотæ ма ’суа, –
Æппун ма кæнтæ тæрегъæд.
Е мæ унаффæ уин фæууæд.
Устур ке æй нæ Уæрæсей.
Уой ни махæй зонуй алке,
Мах дæр, гъома, гъæздугутæ ан
Дзæвгарæ, фал и саутæ ба
Æнцæ фулдæр, фулдæр... нæ зиан
Уонæй ескæд гъæуама уа...»,
Фæцæй æ дзурд уорс закъæ лæг, –
Туйгъантæ хуæрун афонмæ
Тулфæн кæнунцæ æд æвзист
Туйгъантæ... Æй цæттæ æрвист
Лæг Ляховмæ, гъæуама, йе
Исонмæ исцæуа... «Гъæ – ле!»
Зæгъгæ, бæхбадæг Дур-Дурæй
Раскъардта бæхи хур-хурæй...
Ка ’дтæй гъæунгти сæумигон.
Етæ фарстонцæ æмхузон:
«Цийес хабар?» – «Майрæн æ сæр»
Æма цудæнцæ æндæдæр.

Бæхбадæгæн æ алли фарс
Цъус-цъус кæнуй и думгæ карз;
Ледзуй æ бунмæ и зæнхæ цурд,
Цума кæнуй уони æмбурд...
Цæфхæдти гъæр цæуй идард
И зæнхæ æй бунтондæр салд.
Фæрсæг ку уа уи, Ляхов ка ’й?
Мæн зæгъун уæд гъæуй, гъай-гъай.
Отрядæн е начальник æй, –
Кæса, – ма уа макæми ’змæлд,
Ку уа, уæдта, æй æстонгæй
Кæна пурхæн æма æдзард...
Бадуй Терк уордæг мургъузæй,
Гæнгæй сæндтадæ æ хузæй,
Идард нийвазуй æ бецъо.
(Дзорæ, ду ба æ хæццæ цо!
Кæд е, мæ хор, лæг нæй «простой»)

Нæ агорунцæ Туйгъантæ уой
Æнæ гъуддаги, фал син е
Ма рахата курдиадæй хе,
Нур е гъæуама, бадæма
Зингæй Чиколай... Кæд æма
Хъалон райса е æдуæлдай,
Фæууодзæнæй уой дæр æ хай
Мадта е дæр «гъæла» ку нæй,
Ци ауæрда уæд æхсунæй.

Чикола æй æндзæри ’вæрд;
Разæй си ес ниллæг еу хæрд,
Уордæги кæд дзæбæх кæсай,
Уиндзæнæ гъæу ду æд уæлдай.
Бундæр ниххезæ – фуд – æнцад
И Тагидон кæнуй æ уад
Тагæй дон ’рдæмæ лæууй
Гъæу, е Хъазани гъæу хуннуй
Тагæй уæлæмæ ба æнкъард
Чикола æркодта е ’вард.
Уæллæй – гъæдæй æй æхгæд,
Фæсте – Ирæф дæр нæй идард.

Хуайгæй æ бæхи, сæумигон
Салдат гъæунги фæттæхуй
Дзоруй адæммæ æнæ ном:
«Уæлбилæ Ляхов ку лæууй
Уе старшин тагъд имæ цæуæд!
«Нæ «фегъустон» ма разæгъæд!»
Цъус-цъус кæнгæй уазал мæстæй
Лæгæн фелвасуй æ фæрстæй.

Зелуй идарди, æ фæндаг
Уомæн ходæг миутæй – идзаг
Е фæндаггон феййафа кæд,
Уадзуй ибæл, ходгæй, æ фæд:
Сæнт цъæх ниууй, кæнгæй, гæв-гæв,
Тухгин исуй си æфсæр-цæф
Лæуунцæ лæгтæ тумугъæй
Гъæунги, кæрцæ, тулуппæй.

Кæми ’й се старшин, ци фæцæй?..
Нæй Ляховæн æ цуд дзæгъæл...
Базонæ, ехх уомæн е ’нгъæл!
Уомæн йе фсади хæццæ æй
Уæлбилæ е? Ци кæндзæнæй?..
Кæд син сæ зин гæлдзуй, миййаг,
Уомæй дæр æй нур ба тæссаг...
Кæд уотæ уа, ратгæй æ цард
Кæна Чикола хъазауат...
И старшин Ляховæн дзæбæх,
«Вашество», уæд нæ загъта,
Гъе уой туххæй, бадгæй уæлбæх,
Уобæл е æхсæ æруагъта
Æма и гъæумæ æвзедуй:
«Кæд гъæу фондз мин ’хца федуй
Туйгъантæн, гъе уæд хуарз,
Кæд нæ, уæдта уин æма карз
Æз дзармадзанæй кæндзæнæн
Уæ гъæу, æрхотугау, пурхæн!..
Фондз мини, тагъд, сугъзæрийнæй,
Цæмæй рартæсайтæ зинæй!»

***1938 анз***

**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 26 январи) 2-аг Белоруссаг фронти æфсæдтæ Цæгатаг Польшæ æнæгъæнæй исуæгъдæ кодтонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй.**

☺ ☺ ☺
Бороду сбрею –
И сразу подобрею...
☺ ☺ ☺
Кочегары не то пили,
Потому и не топили...

☺ ☺ ☺
Что-то эти прибыли
К нам пока не прибыли...
☺ ☺ ☺
Автор не сдается,
Хотя не издается...

☺ ☺ ☺
Как захожу в бистро я,
Так выхожу из строя...
☺ ☺ ☺
Это же, да?..
Это же надо!..

## ЗОНУЙНÆГТÆ ÆГÆРОН БЕРÆ КÆД ÆНЦÆ, УÆДДÆР СИ ФУЛДÆР БАЗОНУНБÆЛ АРХАЙУН ГЪÆУЙ!..



# КОРУНÆН ДÆР – РÆСТÆГ, ÆМА – РАТТУНÆН ДÆР!..

Куд зонетæ, искæсæйнаг гороскоптæмæ гæсгæ аци анз нимад цæуй Хелаги анзбæл. Е ци амонуй, æма уой хæццæ циуавæр хабæрттæ баст æнцæ, уой фæдбæл мухур кæнæн аци цубур æрмæг дæр.

Аци хабар æрцæуудзæнæй 29 январи. Китайаг гороскопи анзи дууадæс мæйемæй алкæмæн дæр ес нисангонд æхе цæрæгой æма баст æнцæ фондз фæззиндей хæццæ: æфсæйнаг, гъæдæ, дон, арт æма зæнхæ.

Хелаги номбæл раздæриккон æнзтæ нимад цудæнцæ: 1929 анз (зæнхæ), 1941 анз (æфсæйнаг), 1953 анз (дон), 1965 анз (гъæдæ), 1977 анз – (арт), 1989 анз–(зæнхæ), 2001 анз (æфсæйнаг), 2013 анз (дон).

### ЦИ ХУЗТИ ФÆУУНЦÆ ИСКÆСÆЙНАГ ГОРОСКОПТÆМÆ ГÆСГÆ ХЕЛГУТÆ

Гъæдин-кæрдæгхуз хелагæ. Хецæн кæнуй æ рæстадæй, æнæбуцæу, фæлмæн зæрдиуагæй, хатиргæнагæ. Еци анз ка райгуруй, етæ хецæн кæнунцæ сæ фæлмæнзæрдæдзийнадæй. Цæхæрдзаст (Сурх) хелагæ. Еци анзи ка райгуруй, етæ фæуунцæ мæстигæр, фæффæндуй сæ алци зонун дæр, разæнгард, ескæбæл айуан ракæнунмæ дзурдарæхст.

Зæнхон (Бор) хелагæ. Уой анзи ка райгуруй, етæ фæуунцæ кустуарзагæ, хеуæнттæбæл еузæрдиуон, цийфæнди уавæрти дæр, ци иснисан кæнонцæ, уой исæнхæст кæнун син бантæсдзæнæй.

Æфсæйнаг (Уорс) хелаги анзи игурд адæм фулдæр уарзунцæ еунæгæй цæрун, сæ рæстæг барунцæ сæхе цæрди уагæбæл, хъæртуй сæмæ хеуарзондзийнадæ. Фал еци-еу рæстæг ба фæуунцæ нифсхаст, зундгин, зæрдæ бадарæн кæбæл ес, уæхæнттæ.

Дони (Цъæх) хелаги анзи игурдтæ фæуунцæ хеваст æма зундгин, хуарз арæхсунцæ æртасæн кустмæ, хуарз лæгигъæдтæ равдесунцæ цæрди аллихузон къабæзти.

Кæрдæгхуз гъæдин хелагæ аци анз хецауеуæг кæндзæнæй. Фæстаг хатт ма уæхæн анз адтæй æртинсæй анзей размæ.

Искæсæйнаг культури хелагæн устур аргъ кæнунцæ. Хелагæ ’й курухон, фал уой хæццæ ба тæссаг хелæгой. Кæци усми æхе куд равдесдзæнæй, е ин бæрæг нæ фæууй. Фал кæрдæгхуз хелагæ нимад цæуй сабур, æнæхийнæ, тухбурстгæнагæ ка нæй, уæхæнбæл. Кæрдæгхуз амонуй сабурдзийнадæ, æрдзи хæццæ æмбастдзийнадæ.

### ЦИ ХУЗТÆ УАРЗУЙ НÆУÆГ АНЗИ ФÆСНОМУГ НИСАН

Кæрдæгхуз. Нæуæг анзбæл æмбæлгæй, кæрдæгхуз уæледарæс дæ уæле ку искæнай, уæд нæ фæффæсмон кæндзæнæ. Хуарзбæл нимад цæуунцæ райдзаст – цъæх æма изумрудхузæй ба денгизи уолæнти хузи уæнгæ. Федауй сурх хуз дæр, уомæн æма зæрдæ рохс кæнуй. Æцæг тауæггури хузæн цъæхæй ба уæхе гъæуай кæнетæ.

### НИСАНТÆ ЦÆМÆЙ ИСÆНХÆСТ УОНЦÆ

Кæрдæгхуз гъæдин хелаги анз дин цæмæй дзæбæхдзийнадтæ æрхæсса, уой туххæй къæрази тæрхæгбæл æхсири хæццæ къос ниввæрæ æма дин хуарздзийнадæ ’рхæсдзæнæй. Дæ киси исæвæрæ хелаги цари гæппæл æма дæмæ æхцатæ уодзæнæй. Дæ косæн уати хелаги хузæ, кенæ статуэткæ исæвæрæ æма дæ куст æнæкъулумпийæй цæудзæнæй. Дæ гъæццоли цъарæ хелаги цъари хузæнæй байевæ æма хуæздæр фунæй кæндзæнæ. Дæ хъурбæл хелаги хузи хæццæ рæхис ба дин агъаз кæндзæнæй, дæ меддуйне æма идардмæуинундзийнадæ тухгиндæр кæнунæн.

* * *

*Цæмæдæр гæсгæ, æнхæст ни не ’руагæс кæнуй, уæлдæр ранимад амундзийнадтæ æцæгæйдæр ести фæййагъаз уодзæнæнцæ, цæмæй аци анз нæ æ дзæбæхдзийнадтæй фæххайгин кæна, е. Уомæн æма бæлвурдæй æй зонæн, хелагæн айдагъ æ уиндæй нæ, фал уотид æ коййæй дæр устур таси бафтуйунцæ. Мадта нæ адæмон исфæлдистади дæр хумæтæги нæ байзадæнцæ хелаги туххæй аллихузон æмбесæндтæ, зæгъæн: «Хелагæ къæдзæ-мæдзæ ке æй, тæссаг дæр уомæн æй...», «Хелагæ æ цъарæ ку рагæлдза, уæддæр хелагæй изайуй...», «Хелаги ном исдзорæ, æма хелгутæ сæ сæртæ исдардзæнæнцæ...»*

### ХЕЛАГИ АНЗИ КА РАЙГУРДÆЙ, УÆХÆН ЗУНДГОНД АДÆЙМÆГУТÆ

Музыкант, хузæгæнæг, киноактер, финсæг, Нобели премий лауреат Боб Дилан (1941), Корейи Адæмон Демократон Республики сæрдар Ким Чер Ир (1941), Гарри Потери туххæй киунугæ ниффинсæг Дзоуан Роулинг (1965), Уæрæсей раздæри Президент, нур ба Уæрæсей Федераций Æдасдзийнади Советти сæрдари хуæдæййевæг Дмитрий Медведев (1965), актер æма телеамонæг Сергей Светлаков (1977), америкаг зартæгæнæг Тейлор Свифт (1989).

* * *

Аци æнзти райгурдæнцæ не ’мзæнхон номдзуд адæймæгутæй беретæ. Æнæмæнгæ етæ æримисуни аккаг æнцæ, уомæн æма берæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхтæнцæ нæ Иристони, нæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уомæ гæсгæ ба уони туххæй аци анз нæ газети нæ равгитæмæ гæсгæ мухур кæндзинан хецæн æрмæгутæ.

### ЦИУАВÆР ИСТОРИОН ЦАУТÆ ÆРЦУДÆЙ ХЕЛАГИ АНЗИ

Уæрæсей Октябри революци – (1917).

Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд – (1941).

Сталини рамæлæт – (1953).

Вьетнами тугъди райдайæн – (1965).

Нью-Йорки арæзт æрцудæй террористон фудракæндæ берæуæладзугон азгъунстити – (2001).

Космосмæ фицгаг хатт рабалци кодта турисити бунати америкаг миллионер Деннис Тито – (2001).

Челябински области арвæй æрхаудтæй метеорит, æма уой фудæй бастъалдæнцæ 1,5 мин адæймаги – (2013).

* * *

*Нæ зæрдæ дардзинан уобæл, æма аци анз – Хелаги анзи – неци æверхъаудзийнадтæ ’рцæудзæнæй, уой хæццæ ба ма кæдæй-уæдæй фæййервæздзинан, нуртæккæ нæ цидæриддæр гъуагæ даруй, нæ цардиуаги нæ тасдзийнадтæй цидæриддæр тухсун кæнуй, еци хабæрттæ æма гъуддæгутæ.*

*Нæ рагфидтæлтæй нин ауæхæн загъд байзадæй: «Корунæн дæр – рæстæг, æма – раттунæн дæр!..» Гъе уомæ гæсгæ ба нæ Исфæлдесæгæй кордзинан, цæмæй нин аци анз фулдæр æрхæсса цийнæдзийнадæ æма зæрдрохсдзийнадæ. Коруни рæстæг ралæудтæй Нæуæг анзи, æма нæ зæрдæ дардзинан, нæ коруйнæгтæй нæ фæххайгин кæнуни рæстæг дæр афойнадæбæл уодзæнæй...*

## АДТÆЙ УÆХÆН ЦАУ ДÆР...



### ХУÆРЗГÆНÆГ

Цудайдæ мæбæл авд анзи. Колхози хутæ хезунмæ раскъардтон, гъæуи фарсмæ ци къотæргин тъæпæн адтæй, уордæмæ. Кæронæй еу бæласи бундзæфхадбæл исбадтæн. Мæ хурдзинæй исистон киунугæ æма еу цæстæ киунугæмæ исаразун, иннемæй ба хутæмæ бакæсун. Уартæ зундгин Каля дæр æ фараст хъибилей хæццæ хезуй. Аци дзæргъи æз гъолон уарзт кæнун, кæд мин хаттæй-хатт сæринез исуй – хезнæй фескъæруй æма исмедæг уй гъæуккæгтæй еске дзæхæрадони.

Уæд дин еу бон дæр бабæй Каляйæн æ кой дæр нæбал. Æ хъибилтæ дæр – нæййес. Æз берæ фæгъгъуди кодтон æма æргъуди кодтон, цæй, æма, зæгъун, мæ рæфтади хаййæн е ’рдæг дæттон Каляйæн.

Еци бонæй фæстæмæ Каля некæдбал рацудæй хезнæй нартихуари хумтæмæ. Рæфтад афони мæмæ æхе æрбайста, æма ин æз рæфтади æмбес равардтон.

Еци бон дæр къотæрти буни бадтæн. Æнгъæлмæ кæсун, мæ мадæ мин рæфтад кæд æрбахæсдзæнæй, уомæ. Фал мадæ нæ зиндтæй. Мадæ нæ зиндтæй, фал мæмæ Каля æхе æрбайста, фæрсæгау мæмæ ’рбакастæй, бахъурхъур кæнуй æма бабæй хезун райдайуй.

Æз мæхе кæрдæгбæл куд рауагътон æма куд рафунæй дæн, уой не ’ргъуди кодтон.

Фуни мæ гъостæбæл рауадæй мади тарст гъæлæс:

– Иртаг! Хелагæ, хелагæ!

Æз фегъал дæн. Еу-дууæ къахдзæфи уоддæр мæмæ хелагæ æ сæр исхъæл кодта, е ’взæгтæ раласта æма æ суф-суф цæуй.

Æз мæ фуртæссæй бандзуг дæн, мæ бунати байзадтæн уæлгоммæ хусгæй. Каля æ уæлгъос февзурдæй, æ дæндæгутæй хелагæн æ хъур райахæста æма ’й хæр-хæргæнгæ еуварсмæ раскъафта. Мадæ мæ уæлгъос лæууй, уой дæр æрæгиау æрæстæфтæн. Мадæ мæбæл исхуæстæй, исистун мæ кодта, уазал донæй мин мæ цæсгон æрæхснадта, æма мæхемæ ку ’рцудтæн, уæд загъта:

– Айæ, адтæй, айæ, аци хелагæ, еу хатт фæрæтæй æ къæдзелæ кæмæн рахаун кодта, е æй. Хелаги цийфæнди лухтæ ку никкæнай, уæддæр ин æ сæр ку нæ ниллихъæ кæнай, уæд нæ мæлуй: цидæр хуасгæнæн кæрдæгутæй æ лух фегъæстæ кæнуй æма бадзæбæх унцæ. Уой фæсте цæйбæрцæдæр рæстæг ку рацæуа, уæддæр æ маст нæ уадзуй. Иссеруй, ка ’й бахъигæдардта, уой. Гъенур кæсис!

Каляйæн уæдæй фæстæмæ мæ рæфтади фулдæр хай дæттун райдæдтон.

**ТЕХТИ Валентин**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службі Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **600**. Заказ **№ 144**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 24.01.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 24.01.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**